

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

*Komisyen Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan**  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**JE WÈ,  
BOUCH FÈT POU PALE**

**Mwa Janvye rive Mas 2015**

**54**

*Texte en français : voir pages 3, 12-18  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

## **Lèt toulouvri pou tout otorite civil, otorite lajistis ak lapolis nan peyi a**

Komisyón Episkopal Nasyonal Jistics ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyón Jistics ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se toujou ak gwo tristès n ap prezante 54yèm rapò sou zak vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sa a rann kont sou jan sa te ye soti janvye rive mas 2015.

Klima politik demagòg pou pouvva ak peze souse pou piye richès peyi a sèvi anpil fimye pou fè boujonnen vyolans nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a. Se laverite : gen yon gwo relasyon ant vyolans ak pratik politik yo nan peyi a.

Enstitisyón Leta yo ap pèdi krediblite chak jou nan zye popilasyon an ki pa jwenn bonjan sèvis nan respè ak diyite. Eleksyon ap prepare nan peyi a, men gen gwo kesyon k ap poze:

- 1. Ki sistèm sekirite y ap defini ak planifye devan reyalite vyolans la pou sitwayen yo pran konfyans nan biltén vòt yo?**
- 2. Ki asirans enstitutisyon polis la kapab bay pou pwoteje sitwayen yo san men politik kèk sektè pa mele? Gen gwo pwoblèm nan lapolis la ak fristrasyon tansyon nan mitan polisye yo.**
- 3. Poukisa Ministah ki di li se fòs estabilizasyon ap retire twoup li yo nan 6 depatman nan peyi a nan moman eleksyon an menm?**

### **Tout bagay sa yo lakòz anpil refleksyon ak kè sote nan mitan popilasyon an.**

Toujou, gen tansyon nan katye popilè yo, kote chak jou y ap tire anpil kout zam. *Si Ayiti pa fè zam ak minisyón, ki kote yo sòti oubyen ki sektè k ap ponpe zam ak minisyón nan katye popilè yo ?* Lavi sitwayen yo vin pi menase lè Leta pa ka rive mete lòd nan zak grav sa yo.

Otorite politik yo ak lapolis pa devlope yon dinamik kòrèk pou kontre zak vyolans sa yo k ap fèmen avansman sosyete a. Lapè nou vle konstwi a dwe yon gwo motivasyon nan batay n ap mennen kont vyolans.

Komisyón Jistics ak Lapè toujou rete kwè avansman peyi a dwe pase nan yon gwo jefò ak aksyon pozitif ki tankou oksijèn k ap kanalize bonè sitwayen yo.

Sekretarya Komisyón an remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyón an salye n ak anpil respè, epi li déjà ap di n mèsi pou bonjan atansyon n ap bay 54yèm rapò sila a.

## **Lettre ouverte aux autorités civiles, judiciaires et policières du pays**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est avec beaucoup de préoccupation qu'elle présente son 54<sup>ème</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Ce rapport rend compte sur les faits qui se sont passés au cours du premier trimestre de l'année 2015.

Le climat politique démagogique pour le pouvoir et les pratiques de pillage du pays sont comme du fumier qui nourrit la violence dans la zone métropolitaine et à travers tout le pays. Il est hors de doute : il existe une relation étroite entre la violence et les pratiques politiques.

Les institutions de l'Etat perdent leur crédibilité aux yeux de la population parce qu'elles n'offrent pas les services qui répondent au respect de sa dignité. Les élections se préparent dans le pays, mais de grandes questions inquiétantes se posent :

- 1. Quel est le système de sécurité qu'on est en train de mettre en place pour répondre à la réalité afin d'inspirer confiance aux électeurs ?**
- 2. Quelle assurance l'institution policière peut-elle offrir qu'elle va sécuriser les citoyens sans interférence politique de quelque secteur politique que ce soit ? Les tensions et frustrations qui règnent à l'intérieur de la police sont connues.**
- 3. Pourquoi la MINUSTHA, qui dit d'être une force de stabilisation, se désengage dans 6 départements du pays au moment des élections ?**

**Les faits évoqués suscitent de grandes réflexions et préoccupations au sein de la population.**

Des tensions règnent dans les quartiers populaires. Des tirs nourris sont entendus quotidiennement. *Si Haïti ne fabrique pas d'armes et de munitions, d'où viennent-elles ou quels secteurs en envahissent les quartiers populaires et résidentiels ?* La vie des citoyens et citoyennes est menacée quand l'Etat n'arrive pas à mettre de l'ordre dans ces pratiques.

Les autorités politiques et la police ne développent pas de dynamique appropriée pour traiter la question de la violence qui empêche le développement normal de la société. La volonté de construire la paix doit être une motivation forte pour lutter contre la violence.

La Commission Justice et Paix est convaincue que l'avancement d'Haïti passe par un effort assidu et des actions positives qui peuvent faire revivre comme une bonne oxygène le bien être des citoyens et citoyennes.

Le Secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat, comme l'HUEH et la PNH, qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données. La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 54<sup>ème</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Rovelsond APOLLON, av, Responsable d'Observation

## Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

*Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince*

		Mwa Janvyé <b>78</b> viktim	Mwa Fevriye <b>104</b> viktim	Mwa Mas <b>92</b> viktim
<b>1. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		3 polisyé	1 polisyé	1 polisyé
Fanm ki viktim		6 fanm	14 fanm	10 fanm
Timoun ki viktim		-	1 ti fi	3 timoun
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		<b>28</b>	<b>27</b>	<b>26</b>
<b>2. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri ak bal		<b>73</b>	<b>81</b>	<b>78</b>
	Moun ki mouri ak balla polis/ Minustah	1	2	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	9	13	8
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	<b>63</b>	<b>66</b>	<b>70</b>
Moun ki touy etèt yo		-	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>1</b>	<b>3</b>	<b>4</b>
Moun ki mouri nan aksidan machin + aksidan kanaval		<b>3</b>	<b>3+17</b>	<b>7</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sayo pa konnen		<b>1</b>	-	<b>3</b>
<b>3. Sou kèk katye : ki kote</b>				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		<b>3</b>	<b>5</b>	<b>6</b>
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		<b>6</b>	<b>14</b>	<b>11</b>
Zòn Kafou		<b>6</b>	<b>4</b>	<b>5</b>
Gran Ravin ak Matisan		<b>5</b>	<b>1</b>	<b>3</b>
Petyonvil, wout Frè		<b>6</b>	<b>2</b>	<b>10</b>
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		<b>5</b>	<b>7</b>	<b>4</b>
<b>4. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

## **Analiz ak kòmantè sou 54yèm rapò sou vyolans nan zòn metropolitèn nan**

### **Ki sa ki atire atansyon n pandan trimès la**

Nan premye trimès lane 2015 lan, komisyon Episkopal Nasjonal Jistis ak Lapè obsève **274** ka moun ki viktim anba vyolans pami yo genyen **232** ki viktim ak bal. Sa fè 84,67 sou chak 100 moun ki mouri ak vyolans tonbe viktim anba bal.

Sirèn vyolans lan toujou ap klewonnen nan zòn metropolitèn nan. Plizyè kote gen yon ka vyolans ki fè lapèn. Bri bal k ap chante nan katye popilè yo vin yon pratik. Sitwayen ak sitwayèn ayisyen ap viv sanzespwa. Fason enstitisyon peyi a ap mache, vin ranfòse anpil kesyon ensekirite sou tout pwen.

### **Vyolans frape tout kote tout jan**

Pèsòn pa kab di tèl ou tèl zòn plis an sekirite pase yon lòt. Bandi yo fè krim ak anpil fasilité nenpòt kote, san anyen pa rive yo kòm pouswit annapre. Kòm egzanp, n ap site kèk ka moun viktim vyolans pandan trimès pase a :

- **Oriel Jean**, ansyen responsab sekirite prezidan Jean Bertrand Aristid. Li te fin pase plizyè lane nan prizon Ozetazini pou trafik dwòg. Nèg ak zam sou moto touye l ak plizyè bal nan zòn Dèlma 29, jou ki te 2 mas 2015. Viktim nan te pase odisyon devan kabinè enstriksyon nan kad ankèt sou lanmò jounalis Jean Dominique.
- 31 mas 2015, chofè yon enjenyè te viktim zak sasinay aprè l te fin denonse yon gang ki t ap opere nan zòn Kwadèboukè. Yo tire l nan bouch pandan l te nan yon garaj. Ki moun ki te fè konnen li denonse gang lan ?
- Le 2 avril 2015, **Marc Elie Pierre**, jounalis Radyo Melodi FM, te mouri asasine nan zòn Kafou.
- Jou ki te 17 fevriye 2015, yon evènman sekwe opinyon piblik ayisyèn an. Yon aksidan te touye 17 moun yo te idantifye, aprè yon dechaj elektrik frape youn nan atis yo. Sa fèt nan kanaval la sou Channmas. Sa k rive a montre n nan ki nivo iresponsab dirijan nou yo ap fonksyone. Men kèk leson nou tire nan evènman an :
  1. Manke bon planifikasyon ant aktè ki fòme komite kanaval la epi ki reskonsab pou prevni tout danje.
  2. Espas kanaval la kwense pou yon gwo aktivite parèy. Kantite moun ki la yo depase kapasite sit lan genyen. Ane sa a, plizyè kote moun te konn chape te bouche ak estann.
  3. Cha yo twò gran pou espas la.
  4. Lapolis pa gen mwayen teknik ak syantifik pou asire yon politik sekirite pandan kanaval.

5. Manke kontwòl serye sou moun k ap antre ak zam, pik, kouto, jilèt ak lòt objè danjere nan pakou a.
6. Pilòn ak fil elektrik yo twò ba epi anpil poto degrade, yo prèt pou tonbe.

Eske moman an pa rive pou Leta repanse kesyon sit kanaval nasyonal la pou pwoteje lavi moun yon fason efikas ?

- Jou ki te 29 fevriye 2015, plizyè moun mouri nan konsè pou lapè Rockfam t ap òganize nan Site Solèy. Se Ministè Lakilti ak lakomin nan te òganize konsè a. Nèg ak zam antre nan foul la epi tire sou moun yo. Temwen pretann se moun nan diferan baz ki pa dakò ak reskonsab lameri ki te òganize atak la. Konsa, politik vin mete pye, epi se inosan ki viktим. Yo te rive idantifye 5 nan moun ki viktим yo, se moun Lento 1 ak Solèy 19. Non yo se : **Anick Pierre**, 27 lane, **Peterson Berjin**, 24 lane, **Romelus Jean**, 27 lane, **Michelène Petit-Frère**, 20 lane, **Sophia Jacinthe**, 22 lane. Viktим yo te kapab pi plis. Anpil pawòl pale tou sou MINUSTHA ki te prezan sou plas, men ki pa t reyaji.

### **Vyolans ak eleksyon**

Kounye a nou nan tan eleksyon. Anpil kesyon, kòmantè ak analiz ap fêt. Anpil moun gen dout poutèt konpòtman aktè politik yo menm genyen. Evènman an ki te rive nan Site Solèy nan konsè Rock Fanm nan blije n pale sou klima vyolans ki genyen ak eleksyon yo.

Ayiti pa pwodui zam ak minisyon. Kilès ki reskonsab si genyen tout zam ak minisyon sa yo nan katye popilè yo, nan men gang k ap tabli zòn enfliyans yo an favè tèl oubyen tèl politisyen ou otorite ? Plizyè kote nan peyi a y ap mete « baz » sou pye, epi zam rive nan men sitwayen.

Afwontman ak konfwontasyon ki gen ant gang rival yo montre aklè nan ki fason plizyè moun ak gwoupman politik ap prepare eleksyon yo. Demach yo vize pou tabli yon kontwòl antye nan kèk zòn. Moun oswa gwoupman k ap kontwole yon zòn oswa yon komin kapab dekoraje moun al vote, men tou – ak laperèz ak vyolans – yo kapab blije moun vote pou pwòp kandida yo depi nan ASEK, KASEK, katèl majistra ak delege vil rive nan depite.

Kijan fè moun ki ta vle dirije peyi a vize chemen vyolans lan pou yo rive kote yo vle rive a ? Eleksyon onèt ak demokratik kote tout popilasyon an, menm moun k ap viv nan zòn defavorize, kapab di sa yo panse kòm sitwayen ak sitwayèn reskonsab san kontrent ak laperèz, san yo pa fòse yo nan tèl ou tèl kan, mande gwo chanjman lakay politisyen ak reskonsab yo nan peyi a. Se yo k pou montre nan ki sa yo kwè, ak si yo fè pwosesis demokratik la konfyans.

Finalman, kisa n kapab espere lè lapolis destabilize akòz panchan politik li ta vle pran ? Fristrasyon ak tansyon ki genyen nan mitan polisyè yo ap enkyete popilasyon an. Kòm egzanp nou pran sa k te fèt nan mwa mas ak avril, lè Inite IDMO prèske kraze akòz chirepit ak divizyon ki te genyen pou pa ale nan baz Site Solèy la.

### **Asasinay ak zam blanch**

7 moun mouri anba zam blanch pandan peryòd la. Konsta a sanble montre ta genyen yon gwo diminisyon nan pratik revoltan sila a nan dènye mwa sa yo. Èske nou ka kwè moun yo kòmanse

pran konsyans bagay sa a pa dwe fèt menm ? Men kijan n ka konprann sa fas ak kantite moun mouri ak bal sa yo ki kontinye ap ogmante ?

Toujou, gen yon sitiyasyon vyolans k ap devlope nan nivo plizyè lise nan zòn metwo politèn nan. Nou asiste anpil sèn vyolans nan lari. Elèv pote kouto, pik, zam ak lòt bagay danjere pou batay. Nan mwa janvye ak fevriye, 2 elèv lise Fritz Pierre-Louis te viktim zak vyolans grav ak kout pik tyake, yo te blije al kouche sou do sou kabann lopital an ijans. Remak sa yo fè n wè :

1. Pratik vyolans jèn yo ki lage nan bwè kleren ak pran dwòg (tankou kafe amè ak florida), ki manm nan klan kriminèl ak nan rezo pwostitisyon.
2. Lafen sistèm edikasyon an ki destabilize anba vyolans politik, sa ki fè souvan jèn yo pran lari pou mande prezans pwofesè nan sal klas yo.
3. Malèz ou kriz nan fanmi ayisyen yo.
4. Ministè Ledikasyon nasyonal nan yon kriz san fen, akòz jan l ap fonksyone oubyen pou move rapò l genyen ak aktè edikatif yo, k ap limen anpil fwa dife vyolans.

Lekòl se pi gran kote moun ap fè prevansyon sosyal. Kouman n ka wè yon bon avni pou jèn yo ak kalite pratik vyolans sa yo ?

### **Trafik woutye**

13 moun pèdi lavi yo nan **aksidan machin**. Move pratik ki lakòz aksidan lèd e atwòs sa yo toujou pa chanje. Otorite yo ret frèt sou kesyon an, olye pou yo ta cheche òganize trafik woutye a pi byen. Nou siyale kesyon gwo machin pwa lou yo.

- Jou ki te 20 mas 2015 nan Dèlma 60, yon kamyon sitèn ranpli dlo touye 2 moun aprè fren l yo te lache. Ka sa a montre yon lòt fwa ankò fason yon pakèt machin, sitou pwa lou, ap fonksyone nan yon eta delabreman. Sitiyasyon sa a mennen anpil lanmò sovaj.

Toujou genyen kesyon trafik publik, kote senp sitwayen ak sitwayèn blije vwayaje nan move kondisyon. N ap salye bon jan amelyorasyon ki genyen nan kondisyon pou moun ap vwayaje ale nan vil pwovens yo, gras ak envèstisman sektè prive a.

N ap siyale kesyon twou rego ki louvri nan lari nan plizyè zòn metwopolitèn nan. Se yon danje pou moun k ap mache a pye. Anpil aksidan konn rive akòz gwo twou sa yo. Depi li lannwit oubyen nan sezón lapli, genyen anpil risk aksidan. Yo konn vòlò kouvèti twou rego yo tanzantan nan plizyè kote. Sa se yon pwoblèm ki serye anpil. Otorite yo pa ka rive pran bon mezi ki kòrèk pou evite dega yo. Otorite yo dwe bay enstriksyon klè ak konpayi k ap achte fè ki itilize deja yo.

Nou blije pale sou pakèt machin ak plak « **SE** » k ap sikile san yo pa respekte okenn prensip sikilasyon. Machin sila yo pa t janm anpil konsa. Vit yo fimen, yo mache ak sirèn ak jiwofa. Yo pa respekte okenn prensip. Pyès moun pa kab wè kilès ki anndan yo. Menm figi chofè a envizib. Ki kote kòd wout la prevwa yon bagay konsa ? Tout sa ogmante santiman ak reyalite ensekirite nan trafik la. Komisyon an konsidere pratik sa yo tankou yon gwo abi sèvis Leta yo ap fè sou popilasyon an. Men sa k pi rèd : pyès moun pa kab lonje dwèt sou yo, paske otè yo rete envizib. Nan yon Leta dedwa, otorite yo tou dwe respekte lalwa.

## **Konsiderasyon nou yo**

### **Prevansyon polisyè**

#### **se yon mayon enpotan men trè frajil nan zafè sekirite an Ayiti**

Dirije se prevwa ; se wòl tout otorite ki reskonsab. Nan tout Eta dedwa demokratik, Leta gen obligasyon pou anpeche moun ki menase oubyen nwi gravman lòd sosyete a, pa komèt zak yo. Lapolis reskonsab pou asire pwoteksyon moun ak byen; se wòl li nan sa ki konsenen sekirite a ; li dwe asire lòd piblik la, an menm tan li dwe garanti epi siveye bon aplikasyon lalwa. Lalwa se yon ansanm règ ak nòm fòmèl ki tabli nan yon sosyete.

Travay lapolis se batay kont kriminalite, delenkans, vòl, trafik dwòg, atak sible yo, kidnapin, atak nan lari ak anpil lòt zak ankò. Lapolis anchaje ak tout travay sa yo, nan yon sosyete k ap bouje toutan. Tout sa se gwo reskonsablite li genyen.

Plan sekirite se wòl lidè ayisyen yo pou mete l sou pye. Plan sa yo toujou manke efikasite, paske yo pa konfòm ak reyalite a. Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CNPN) se yon vwa enpòtan nan travay pou defini gran liy sekirite peyi a, men li manke bon rezulta sou teren an. Pi fò desizyon li pran yo, se desizyon politik, olye se desizyon teknik. Si n gade travay prevansyon, sa parèt aklè. Gade kantite zak vyolans ki fèt nan yon seri zòn ki ta sipoze gen sekirite ladan yo, gade ak ki fasilité bandi yo kòmèt zak yo, epi fason bandi yo chape san pwoblèm. Sitiyasyon sa a montre aklè diferan mezi prevansyon yo pa byen chita, epi sa se kote se lapolis ki reskonsab.

Pou sitwayen ak sitwayèn yo, Leta aji tankou ponpye ki antre annaksyon apre dife a fin pran. Men gouvènen se prevwa ; nan kesyon sekirite se pran mezi pou aksyon kriminèl pa fèt, nan respè libète ak dwa chak sitwayen genyen.

Prevansyon dwe pwoteje kont destabilizasyon, epi kreye kondisyon pou bati yon sosyete kote sitwayen ak sitwayèn yo fè enstitisyon yo konfyans, paske yo pèmèt yo devlope yon vizyon pwogrè. Sosyete a ak Leta dwe trete lapolis byen pou l kapab òganize tèt li byen, pou l kapab devlope yon bon disiplin anndan l, epi pou kreye sekirite etan l ap veye sou sosyete a.

Pratik Gouvènman an parapò ak lapolis bay pwoblèm seryezman. Li pa pèmèt lapolis aji kòm sa dwa. Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN) ki ta dwe yon referans, manke fè bon analiz sou reyalite peyi a menm.

Pwoblèm nan se pa sèlman yon kesyon resous materyel ak moun ki manke, men tou li mache ak yon kesyon volonte politik konstriktif. Fason CSPN konpoze a menm ak moun ki manm li yo ki moun Egzekitif la fè l tounen yon ògàn politik. Li manke moun ak konpetans teknik landan l. Sa kreye gwo tèt chaje devan eleksyon yo ki dwe vini pi devan nan ane sa a.

Nan sans sa n ap gade diferan pwen sa yo :

- 1) Konsèy Siperyè Lapolis (CSPN) pa genyen yon vizyon sekirite efikas.
- 2) Lapolis nasyonal la manke moun.
- 3) Popilasyon an ap devlope san pa gen okenn kontwòl.
- 4) Anket polisye yo pa efikas, epi anketè yo manke zouti teknolojik pou fè travay yo.

5) Sekirite nan tan eleksyon.

### **Konsèy Siperyè Lapolis (CSPN) pa genyen yon vizyon sekirite efikas**

Vizyon sou sekirite peyi a dwe kòmanse nan Konsèy Siperyè Lapolis Nasyonal la. Li chita sou yon politik Gouvènman an genyen. Li dwe antre nan reyalite k ap travèse popilasyon an.

#### **Lapolis nasyonal la manke moun**

Kounye a genyen apepre 12.000 polisye pou yon popilasyon ki konte 10.000.000 abitan. Sa vle di : gen yon polisye pou chak 8.500 sitwayen. Nou pa konsidere polisye yo ki nan administrasyon epi sa k nan sekirite otorite yo apa. Ti kantite polisye ki genyen se yon pwen frajil, paske nan anpil zòn nan peyi a pa gen polisye ditou. Konsa, yo konn anchaje Kasek yo, ki yon otorite sivil, ak reskonsablite lapolis genyen. Sitiyasyon sa a se yon danje li ye pou sekirite peyi a, se yon danje tou pou bon fonksyònman enstitisyon demokratik lokal yo.

#### **Popilasyon an ap devlope san pa gen okenn kontwòl**

Popilasyon peyi a ap grandi san barye, san pa gen okenn estrikti kontwòl. Pakèt jèn rete san yo pa jwenn travay. Moun ap deplase, san moun pa konn ki kote y al rete. Administrasyon kominal yo pa menm konnen kilès ki abite ki kote. Tout sa se yon fenèt k ap destabilize chenn sekirite a. Men tou, sitiyasyon sa a mennen anpil vyolasyon dwa moun. Pou nenpòt bagay Lajistis santi l blije kenbe moun nan detansyon.

#### **Ankèt polisyè yo manke efikas**

Ankèt polisyè yo, tankou ankèt Lajistis yo tou, manke efikas. Sa mennen mefyans lakay popilasyon an. Li fè moun kwè lapolis pa pwofesyonèl ak konpetan pou fè travay li. Souvan, mank efikasite sila a mare ak zouti epi metòd teknoloji lapolis pa genyen pou fè travay li. Aktivite polisyè yo mande anpil materyèl ki pou amelyore efikasite entèvansyon yo.

#### **Sekirite nan tan eleksyon**

Plizyè pwopozisyon kapab amelyore kesyon sekirite nan tan eleksyon:

- Lapolis pa gen dwa manifeste okenn patipri politik: li nan sèvis nasyon an. Sèl sousi li se asire estabilite ak bon dewoulman eleksyon yo pou enstitisyon peyi a kapab vin pi djanm.
- Lapolis dwe sansib pou jan anpil nan politisyen nou yo ap prepare eleksyon ak diferan baz y ap mete sou pye. Souvan yo bay yo zam pou enfliyanse pwosesis la, pou fè patizan etan y ap fè tout kalite presyon sou moun.
- Lapolis ak Lajistis dwe aji – selon sa lalwa mande – kont politisyen ak kandida ki genyen diskou oswa pratik k ap ankouraje vyolans.
- Lapolis dwe kontwole zafè zam nan peyi a. Se pa sèl jou eleksyon an sa dwe fèt. Dwe gen kontwòl sou fason kandida ak politisyen asire pwòp sekirite yo.
- Komisè Gouvènman yo tou dwe aji lè politisyen ap fè deklarasyon nan laprès ak nan pawòl publik pou ankouraje vyolans. Se wòl yo kòm otorite publik pou pwoteje sosyete a.
- CSPN ki konpoze ak plizyè manm ki genyen yon wòl politik nan peyi a, dwe montre li kapab mete l alawotè vrè misyon li, ki se asire sekirite pou tout yon popilasyon ki pa mande favè lè l egzije sekirite reyèl ak efikas.
- Wo Kòmandman Lapolis la dwe gen antant nan mitan l, pou fè lapolis aplike sa lalwa di.

- CSPN dwe rankontre ak KEP la, li dwe sansib pou tout sa l wè ki kapab twouble lòd piblik nan tan preparasyon elektoral la.

Yon polis ki nan sèvis sekirite popilasyon an, ap kapab konte sou kolaborasyon popilasyon an, paske se pwòp enterè l ak avni li l ap defann.

Tout aksyon dwe fèt nan kad respè dwa moun ak règjwèt lalwa ki la yo. Prevansyon pa vle di vyole lalwa.

## **Men ki pwopozisyon Komisyon Jistis ak Lapè fè**

### **1. Pou pèmèt lapolis asire pou vyolans pa fèt yon fason pi efikas, fòk:**

- 1.1 Yo retire tout enflyans politik ak patipri nan CSPN (Konsèy Siperyè Lapolis Nasional);
- 1.2 Yo sèvi pi plis ak zouti teknoloji ak lasyans bay nan travay lapolis ap fè a;
- 1.3 Yo pran swen fòmasyon lapolis ki dwe kontinye ap fèt, sitou sou fason yo dwe aji nan sitiayson konkèr;
- 1.4 Yo defini yon kad epi pran mezi sekirite espesyal pou zòn komèsyal yo ak zòn kote ki konn gen anpil vyolans (sa yo rele zòn non-dwa);
- 1.5 Yo fè pwen fiks lapolis mete sou pye yo vin pi efikas.

### **2. Pou yo kab trete ajan lapolis yo pi byen, paske se moun yo ye, fòk:**

- 2.1 Yo fikse tan travay yo pi byen, paske kounye a polisye yo dwe travay twòp;
- 2.2 Yo asire polisye yo jwenn pi bon swen medikal lè yo malad oswa blese;
- 2.3 Yo bay polisye yo tout avantaj sosyal lalwa prevwa nan ka pa yo.

### **3. Pou ranfòse Leta a pou pèmèt li asire sekirite biblik la pi efikas, fòk:**

- 3.1 Lapolis ak Leta gen pi bon kontwòl sou trafik zam nan peyi a, sou trafik dwòg la ki sèvi pou achte zam ak sou trafik moun;
- 3.2 Palman an fè bon lwa sou zafè zam, yon fason ki reponn ak reyalite a;
- 3.3 Palman an vote bon lwa sou kòmès bwason ki gen alkòl ladan l, pou pwoteje timoun ak minè yo.

### **4. Pou kreye yon kad kòrèk pou trafik moun ak machin sou wout yo, fòk:**

- 4.1 Diferan Ministè ak otorite ki konsènen pi byen kolabore antre yo pou jere kesyon an byen: Lameriyo, Ministè Travo Biblik, Ministè Anviwònman;
- 4.2 Lalwa defann yo transpòte timoun piti ak minè sou moto, paske anpil aksidan fèt ak yo.

### **5. Pou kreye yon klima sekirite anvan ak pandan eleksyon yo,**

Komisyon an envite n gade diferan pwopozisyon ak rekòmandasyon kote n te diskite relasyon ki genyen ant vyolans ak eleksyon.

# **Analyse et commentaire du 54<sup>ième</sup> rapport Sur la violence à travers la zone métropolitaine**

## **Les faits saillants du trimestre**

Au cours du premier trimestre de l'année 2015, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a documenté 274 cas de victimes de violence dont 232 tuées par balle. Ce qui signifie 84,67 % sont des victimes de la violence armée.

La sirène de la violence est une réalité qui retentit toujours dans la zone métropolitaine. Chaque victime est motif douleur et de peine. Le concert des tirs nourris sont devenus pratiques courantes dans les quartiers populaires. Le citoyen haïtien vit dans un profond désespoir. Le problème institutionnel renforce gravement la question d'insécurité à tous les points de vue.

### **La violence frappe partout et de plusieurs façons**

Personne ne peut être assurée que telle ou telle zone est plus sécuritaire que l'autre, les bandits font leur forfait avec beaucoup de facilité n'importe où, sans crainte d'être poursuivis. Citons quelques faits marquants du trimestre à titre d'illustration.

- **Oriel Jean**, ancien responsable de la sécurité de l'ex président Jean Bertrand Aristide, après avoir passé plusieurs années en prison aux Etats Unis pour trafic de drogue, a été abattu par des hommes à moto à Delmas 29, le 2 mars 2015. La victime a été auditionnée au cabinet d'instruction dans le cadre de l'enquête sur la mort du célèbre journaliste Jean Léopold Dominique.
- Le 31 mars 2015, le chauffeur d'un ingénieur a été assassiné après avoir dénoncé un gang qui opère dans la zone de la Croix-des-Bouquets. Il a été assassiné avec une balle dans la bouche dans un garage ; mais qui l'a dénoncé ?
- Le 2 avril 2015, **Marc Elie Pierre**, journaliste de la radio Mélodie FM a été assassiné à Carrefour.
- Le 17 février 2015, un drame a secoué l'opinion publique haïtienne. Il s'agit de l'incident qui a coûté la vie à 17 personnes identifiées, suite à une décharge électrique lors des festivités carnavalesque aux Champs de Mars. Ce drame démontre le niveau d'irresponsabilité de nos dirigeants. Voici quelques leçons à retenir de l'événement :
  1. Il manque d'une bonne planification entre les acteurs qui constituent le comité du carnaval, responsable de prévenir les dangers.
  2. L'espace du carnaval est exigu pour un tel rendez-vous. Le nombre de participants dépasse la capacité du site. Même les sorties en cas d'urgence avaient été bouchées avec des stands cette année.
  3. Les chars dépassent toute dimension raisonnable, vu l'espace limitée.
  4. La police ne dispose pas des moyens techniques et scientifiques pour appliquer une politique de sécurité pendant le carnaval.
  5. L'absence de contrôle sérieux des gens pénétrant le site pour rechercher armes à feu, pics, couteaux, gilets ou autres objets dangereux.
  6. Certains pilonnes électriques sont trop bas, et certains sont en état avancé de dégradation et menacent de tomber.

Est-ce que le moment n'est pas venu pour re-considérer le site du carnaval national pour garantir la sécurité des personnes de façon plus efficace ?

- Le 29 février 2015, lors d'un concert pour la paix de Rock Fanm à Cité Soleil, organisé par la Ministère de la Culture et la mairie de Cité Soleil. Des personnes armées se sont mêlées à la foule et ont tiré sur l'assistance. Des témoins accusent des membres des bases opposées au magistrat communal, qui avait organisé l'événement. Ainsi l'incident prend une signification politique ; des innocents en sont les victimes. Parmi les victimes mortelles, 5 ont été identifiées nominalement, à Lintho 1 et à Soleil 19 : Anick Pierre, 27 ans, Romulus Jean, 27 ans, Peterson Berjin, 24 ans, Michèle Petit Frère, 20 ans, Sophia Jacinthe, 22 ans. Des sources donnent un nombre plus élevé de victimes. Des observateurs font remarquer la présence de la Minustha, qui n'est pas intervenue.

### **Violence et élections**

Le temps maintenant est aux élections. Plusieurs questionnements, commentaires et analyses circulent. L'événement qui est survenu à Cité Soleil lors du concert de Rock Fanm oblige de parler de la violence et les élections.

Haïti ne produit ni armes ni munitions. Qui serait alors responsable pour la présence de ce grand nombre d'armes dans les quartiers populaires et résidentiels, et entre les mains des groupes armés qui défendent leurs zones d'influence en faveur de tel ou tel politicien ou autorité ? En plusieurs endroits dans le pays, on met sur pied des « bases » et des armes sont remises entre les mains de la population.

Les affrontements et confrontations entre gangs rivaux démontrent dans quel esprit plusieurs groupes politiques se préparent aux élections. Ces démarches visent à établir des zones d'influence ou de contrôle total de la zone. Celui qui détient le contrôle d'une zone ou commune peut décourager les gens à voter, mais de la même façon, avec la peur ou des menaces, on peut convaincre les gens de soutenir leur candidat, depuis les Asecs et Kasecs, le cartel des magistrats et les délégués de ville, jusqu'au député.

Comment se fait-il que des gens qui veulent diriger le pays s'acharnent à y arriver par la voie de la violence ? Des élections honnêtes et démocratiques où toute une population, même les gens des quartiers défavorisés, puissent s'exprimer comme citoyens responsables, sans contrainte ou sans avoir peur, sans être bousculés dans l'un ou l'autre camps, exigeant des changements profonds en premier lieu chez nos politiciens et responsables politiques. A eux de montrer clairement qu'ils font confiance au processus démocratique.

Pour finir, qu'est-ce qu'on peut espérer quand la force de police elle-même est déstabilisée et manifeste des penchants politiques ? Les frustrations et tensions à l'intérieur du corps policier rendent inquiète la population. Par exemple, au mois de mars/avril, l'unité d'UDMO, suite aux disputes et divisions internes sur le retour à sa base à Cité Soleil, risquait de disparaître.

### **Assassinat par l'arme blanche**

7 cas d'assassinat par l'**arme blanche** ont été observés au cours de la période. Ce constat semble indiquer qu'il y aurait une nette diminution de pareille pratique révoltante. Peut-on croire que les gens commencent à prendre conscience qu'il s'agit d'une pratique barbare ? Mais comment comprendre cela face au nombre croissant des morts par balles ?

Une situation de violence se développe régulièrement au niveau de plusieurs lycées de la zone métropolitaine. On assiste souvent à des scènes de violence en pleine rue ; des écoliers sont armés de couteaux, de pics, d'armes à feu et autres objets dangereux pour livrer des batailles. Au cours des mois

de janvier et février, 2 élèves du lycée Fritz Pierre-Louis ont été gravement poignardés et ont dû être hospitalisés en urgence. Ces remarques démontrent :

1. Les pratiques de violence des jeunes liées à l'alcool et la drogue (comme le café amer mêlé avec florida), l'appartenance à des clans criminels et des réseaux de prostitution.
2. Le déclin du système éducationnel déstabilisé par une politique de violence, où souvent les jeunes investissent la rue pour réclamer la présence des professeurs dans les salles de classe.
3. La crise dans les familles haïtiennes.
4. Le Ministère de l'Education Nationale qui se trouve dans une crise constante de par son fonctionnement ou ses rapports avec des acteurs éducatifs qui parfois allument le feu de la violence.

L'école est un lieu important pour faire de la prévention sociale. Comment alors s'imaginer un meilleur avenir pour les jeunes avec de telles pratiques violentes?

### **Le trafic routier**

13 personnes ont perdu la vie dans des **accidents de la circulation**. Les mauvaises pratiques qui produisent des accidents regrettables ne sont pas prises en considération. Les autorités restent passives et ne cherchent pas à mieux organiser le trafic routier.

- Le 20 mars 2015 à Delmas 60, un camion citerne rempli d'eau a heurté mortellement deux personnes après que les freins de l'engin avaient relâché. Ce cas de trop illustre encore une fois l'état de délabrement dans lequel circulent plusieurs voitures, surtout des poids lourds. Cette situation entraîne des décès regrettables et brutaux.

Ensuite, il y a le trafic en commun où les simples citoyens et citoyennes sont contraints de voyager dans des conditions lamentables. Nous saluons les améliorations substantielles dans les conditions de voyage vers les villes de province, grâce à des investissements du secteur privé.

Les égouts à ciel ouvert dans plusieurs rues de la zone métropolitaine sont un autre danger pour les piétons. Beaucoup d'accidents sont causés par ces trous béants. Les pénombres à la tombée de la nuit et la saison pluvieuse sont des moments à risque plus grand qui favorisent les accidents. Le vol systématique des couvertures des égouts est un problème très sérieux. Les autorités n'arrivent pas à prendre des mesures convenables pour limiter les dégâts. Par exemple il faudrait passer des instructions claires aux acheteurs des fers usagers.

La Commission se sent obligé de revenir sur la question des voitures immatriculées « **SE** » qui ne respectent aucun principe de la circulation. Leur nombre a augmenté substantiellement. Vitres fumées, munies de sirènes et de gyrophares, leurs occupants se permettent tout. D'ailleurs les chauffeurs et occupants sont invisibles. Quel code de la circulation qui permet ce genre de conduite ? Cela augmente le sentiment et la réalité de l'insécurité dans le trafic routier. La Commission considère ce comportement comme une injustice commise par les services de l'Etat sur la population. Personne ne peut les accuser, parce que les auteurs sont invisibles. Dans un Etat de droit toute autorité est soumise à et doit respecter la loi.

## Nos considérations

### **La prévention policière : un maillon important, mais très fragilisé dans la chaîne de sécurité en Haïti**

Diriger c'est prévoir ; c'est le propre de toute autorité responsable. Dans tout Etat de droit démocratique, l'Etat a l'impérieuse obligation de prévenir tout ce qui pourrait menacer ou bien nuire gravement à l'ordre sociétal, particulièrement pour garantir la protection des vies et des biens par la bonne application de la loi. Les lois sont cet ensemble de règles et normes formelles qui sont établies dans une société donnée.

Le travail de la police est fondamental pour la bonne marche de la société ; elle doit combattre la criminalité, la délinquance, le vol, le trafic de la drogue, les attaques ciblés, le kidnapping, les braquages en pleine rue et autres. Ce sont autant de tâches dans une société qui est en mutation continue.

Le plan de sécurité même est élaboré par les autorités Haïtiennes. Ces plans sont généralement frappés d'inefficacité pour être non conforme à la réalité. Le Conseil Supérieur de la Police Nationale (CSPN) est un organe important pour définir les grandes lignes sécuritaires pour le pays ; mais il se montre contre productif en terme de résultats sur le terrain. La majorité des décisions prises sont de nature politique au lieu d'être techniques. Ceci est clair dans le domaine de la prévention. Prenons comme exemple le nombre de cas de banditisme effectué dans des zones supposées sécurisées et la facilité avec laquelle les bandits commettent leurs forfaits, pour en après s'en aller sans difficulté. Ceci démontre clairement que les mesures préventives en matière policière ne tiennent pas vraiment.

Aux yeux de la population, l'Etat agit en pompier qui entre en action quand le feu a consommé la maison. En matière de sécurité, il faut prévenir les actions criminelles, tout en respectant les libertés et droits de chaque citoyen.

La prévention doit éviter la déstabilisation, et créer les conditions qui permettent aux citoyens et citoyennes de faire confiance aux institutions qui leur permettent d'élaborer leur vision du progrès. La société et l'Etat doivent entourer et traiter la police bien, pour qu'elle puisse s'organiser et se développer comme corps discipliné et appliqué à la tâche.

Les pratiques gouvernementales par rapport à la police posent de sérieux problèmes. Elles ne permettent pas à la police d'agir correctement. Le Conseil Supérieur de la Police Nationale qui devrait être une référence, ne produit pas les analyses et décisions adoptées au pays.

Le problème renvoie certes à la disponibilité des ressources matérielles et humaines, mais une volonté politique constructive fait également défaut. Le CSPN est composé de membres de l'Exécutif, ce qui le transforme en un organe politique. A la veille des élections, cette situation n'est pas sans susciter des préoccupations sérieuses.

Gardons de plus près les points suivants :

- 1) Le Conseil Supérieur de la PNH n'a pas une vision sécuritaire efficiente.
- 2) La police nationale manque d'effectif.
- 3) La situation démographique du pays évolue sans contrôle.
- 4) Les enquêtes policières manquent d'efficacité ; les enquêteurs manquent les outils techniques pour le travail.
- 5) L'époque électorale vient avec ses propres exigences.

## **Absence de vision sécuritaire efficiente par le CSPN**

La vision sécuritaire pour le pays doit partir du Conseil Supérieur de la Police Nationale et être axée sur une politique gouvernementale qui reflète la réalité qui traverse la population.

### **La police nationale manque d'effectif**

Avec 12 000 policiers pour une population de 10.000.000 d'habitants, on arrive à un policier pour chaque 8.500 Haïtiens. Nous laissons hors de considération que bon nombre de policiers ont des tâches administratives ou sont affectés à la sécurité des autorités. Ce nombre limité de policiers est un point fragile ; des zones entières ne disposent d'aucun policier. Ainsi, les Casecs et Asecs, des autorités civiles, sont chargées de responsabilités policières, ce qui compromet l'avenir des institutions démocratiques locales.

### **Une situation démographique incontrôlée**

La montée exponentielle du taux démographique de la population sans structure de contrôle est une fenêtre déstabilisante de la chaîne sécuritaire. Les jeunes n'ont pas des opportunités ou du travail. Les gens se déplacent sans lieux fixes. Les administrations communales ne savent même pas à déterminer qui habite en quel endroit. Cette situation est source de violations des droits humains ; pour n'importe motif la justice se sent obligée de mettre les gens en détention.

### **Le manque d'efficacité des enquêtes policières**

Les enquêtes policières tout comme les enquêtes judiciaires manquent d'efficacité ; ce qui rend la population méfiante, prêtant l'intention au manque de professionnalisme des agents de police. Ce manque d'efficacité est lié souvent au manque d'outils et de moyens scientifiques pour faire le travail. La présence policière a des exigences en termes de matériel pour améliorer l'efficacité de ses interventions.

### **Sécurité en temps électoral**

Un nombre de propositions pourrait améliorer la question sécuritaire en temps électoral :

- La police doit être neutre et sans parti-pris en matière politique : il est au service de la nation. Son seul souci doit être d'assurer la stabilité et le bon déroulement des élections pour renforcer les institutions.
- La police doit bien se rendre compte que bon nombre de politiciens préparent les élections en organisant des « bases », qui peuvent recevoir des armes pour influencer le processus, pour se faire des partisans et pour exercer des pressions sur la population.
- La police, tout comme la Justice, doivent agir contre les politiciens et candidats qui tiennent des discours ou des propos qui prônent la violence.
- La police doit assurer le contrôle des armes dans le pays ; et cela pas seulement le jour des élections. Elle doit contrôler la façon dont les politiciens et candidats assurent leur propre sécurité.
- Les Commissaires du Gouvernement également doivent intervenir contre toute incitation à la violence par les politiciens dans la presse ou dans des discours publics. Comme autorités publiques, elles doivent protéger la population.
- Le CSPN qui compte des responsables politiques parmi ses membres, doit se montrer à la hauteur de sa mission d'assurer la sécurité de toute une population qui ne demande pas de faveur quand elle exige sécurité réelle et efficace.
- Le Haut Commandement de la Police doit faire preuve de cohésion quand il exige des policiers d'appliquer la loi.

- Le CSPN doit se rencontrer avec le CEP et être sensible à sa façon de voir les causes des troubles dans la préparation électorale.

Une Police au service de la sécurité de la population pourra compter sur sa collaboration, parce qu'il s'agit de son intérêt et de son avenir.

Toute action ou intervention doit respecter les droits humains et la loi. Prévenir ne signifie pas violer la loi.

*Me Rovelsond Apollon, Av  
Responsable Observation*

## **Recommandations de la Commissions Justice et Paix**

### **1. Pour permettre une meilleure prévention de la violence par la police, il faut :**

- 1.1 Dépolitiser le Conseil Supérieur de la Police Nationale (CSPN).
- 1.2 Utiliser davantage des outils technologiques et scientifiques dans le travail de la police.
- 1.3 Assurer la formation continue des agents policiers, surtout en ce concerne les interventions de terrain.
- 1.4 Définir un cadre sécuritaire pour les zones d'activités commerciales intenses et pour les zones réputées comme lieux de non droit.
- 1.5 Rendre les points fixes de police plus opérationnels ou efficaces.

### **2. Pour assurer un traitement plus humain des agents de police, il faut :**

- 2.1 Définir mieux les temps de travail des agents de la police, parce qu'ils sont obligés de réaliser trop d'heures de travail.
- 2.2 Assurer un meilleur accès aux soins médicaux pour les policiers malades ou blessés.
- 2.3 Prévoir l'accès à tous les avantages sociaux prévus par la loi.

### **3 Pour renforcer l'Etat afin qu'il puisse mieux assurer la sécurité publique, il faut :**

- 3.1 Permettre à l'Etat et à la police d'avoir un meilleur contrôle du trafic des armes, du trafic de la drogue qui sert au commerce des armes, et du trafic des personnes.
- 3.2 Inciter le parlement haïtien à légiférer sur la prolifération des armes dans le pays, d'une façon qui répond aux problèmes réels du pays.
- 3.3 Demander au parlement de légiférer sur le commerce de boissons alcoolisées, afin de protéger enfants et mineurs.

**4. Pour créer un cadre plus adapté pour la circulation routière, il faut :**

- 4.1 Inciter les différents Ministères et autorités concernées à mieux collaborer entre eux : les mairies, le Ministère des Travaux publics, le Ministère de l'Environnement.
- 4.2 Adapter la législation afin de défendre formellement le transport des enfants et mineurs sur les motos ; trop souvent ils sont victimes de graves accidents.

**5. Pour créer un climat sécuritaire au cours des élections :**

La Commission invite à reprendre la liste des propositions formulée dans l'analyse sur la violence et les élections.

## Tablo zak vyalans pou mwa janvye 2015

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktим gason /fanm	Esplikasyon nou rammase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Vandredi 2 janvye 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Dekayèt	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 2 janvye 2015 nan lajounen	Olivier Midy	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 3 Janvye 2015 nan lajounen	Huberte Cineus	Fanm	Viktim nan mouri boule nan yon kay ki pran dife.	Pòtoprens, Kwadèpre	Dife	Enkoni
Dimanch 4 Janvye 2015 nan lajounen	Joseph Marckenson	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 31	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Alexendre Brenor	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyonvil	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Boulva Lasalin	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lasalin	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Pierre Patrick	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri défonfò	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Dieujust Sonel	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Gran Ri	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 5 Janvye 2015 nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Kwabosal	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 6 Janvye 2015 nan lajounen	Jimmy Telusma	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Santvil	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 6 Janvye 2015 nan lajounen	Benz Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Sen Jozèf	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 6 Janvye 2015 nan lajounen	Ricardo Guillaume	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 8 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jen gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 8 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jen gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 9 Janvye 2015 nan lajounen	Yon jen gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Sen Maten	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 9 Janvye 2015 nan lajounen	Alexandre Rozalva	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 75	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 9 Janvye 2015 nan lajounen	Jacquinet Saintilma	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 9 janvye 2015 nan lajounen	Yon tif 5 lane	Tif	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site soley, Smon pele	Bal gang	Gang
Samdi 10 janvye 2015 nan lajounen	Mompremier Jose	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyonvil	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 10 janvye 2015 nan lajounen	Sauveur Chevri	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Taba, Taba 31	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 11 janvye 2015 nan lajounen	Yon jen gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktим gason /fanm	Esplikasyon nou rammase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Dimanch 11 janvye 2015 nan lajounen	Desgazon Marie Elcie	Fanm	Viktim nan mouri nan ijans Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa idantifye	Enkoni
Dimanch 11 janvye 2015 nan lajounen	Jean Baptiste Exume	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyonvil	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
